

5 REZON KI GEN RAPÒ AK SANTE, KI FÈ MOUN KI PA VAKSINEN TA DWE FÈ TÈS POU COVID-19



1 Pou elimine posiblite pou w gen COVID-19 san w pa konn sa

Fè tè s pou COVID-19 pou w asire ou pa yon moun ki pote viris la san li pa gen sentòm, yon moun ki gen viris la ki pa gen okenn sentòm, men ki ka toujou gaye l bay lòt moun. Dapre CDC, jiska 4 sou 10 moun ki gen COVID-19 pa ka gen sentòm yo. Moun k ap gaye viris la san yo pa gen sentòm yo se yon gwo rezon ki fè metrize viris sa a difisil konsa.

2 Pou pran aksyon bonè si w gen COVID-19

Yon lòt rezon ki fè yon moun dwe fè tè s se ou se nan kòmansman enfeksyon COVID-19 la, lè yo detekte li byen bonè sa pèmèt ou izole tèt ou byen vit, repoze epi refè, kontwole sentòm ou yo, epi si sa nesèsè, chèche swen medikal. Li pèmèt tou trasè kontak yo kòmanse swiv nenpòt moun ki ka te ekspoze.

3 Pou pase tan ak zanmi ak fanmi—espesyalman moun ki a risk anpil

Aprè plizyè mwa rete apa, anpil nan nou anvi rekonekte an pèsòn avèk zanmi ak fanmi. Si w pa vaksinen epi ou planifye pou pase yon peryòd tan pwolonje ak pwòch ou yo, rete lwen aktivite ki gen gwo risk pou 10 jou epi apres a fè tè s la. Sa enpòtan sitou si yon zanmi oswa yon manm fanmi an pa vaksinen oswa gen plis chans pou yo devlope konsekans grav COVID-19 la, yon gwoup ki gen ladan granmoun, moun ki gen kondisyon medikal kache tankou maladi kè, dyabèt, ak obezite, epitou fanm ansent, ak nenpòt moun ki gen yon sistèm iminitè fèb. Pwoteje moun ou renmen yo lè w rete lwen aktivite ki gen anpil risk epi fè tè s anvan w vizite yo.

4 Pou patisipe san danje nan aktivite piblik yo

Lè w fè tès pou COVID-19 sa bay rasirans pou moun ki pral travay, sitou si w ap travay nan yon anviwònman ki gen anpil risk tankou lekòl, inivèsite, makèt oswa kòm yon moun k ap bay premye sekou. Patisipe nan tès depistaj gratis nan espas travay ou oswa vil la, oswa jwenn pwòp sit tès ou pou montre kòlèg travay ou yo, anplwayè yo, pwofesè yo, ak kliyan yo ka santi yo an sekirite pou yo k ap travay ak fè biznis avèk ou. An retou, sa ede kenbe biznis yo ouvè, ekonomi an ap mache, pandan y ap kenbe tout moun an sekirite ak an sante.

5 Pou ede kenbe viris la anba kontwòl

Nou tout te travay di pou aplati koub la. Menm si nou tout pran vaksen an, ti ogmantasyon toujou posib. Kòm n ap pwoche yon peryòd nòmal apre pandemi, tès toupatou nan mitan moun ki pa pran vaksen ede yo sispann gaye COVID-19. Depistaj moun ki an sante, rete an tèt ka pozitif, idantifye nouvo epidemi byen vit, epi yo te okouran de ki jan viris la gaye nan mitan moun ki pa gen sentòm, se yon zouti pisan nan efò nou yo pou elimine viris la apre vaksinasyon an.

Li enpòtan sonje, yon tès COVID-19 se yon evalyasyon yon sèl-fwa, epi l pral sèlman montre si w enfekte nan moman tès la. Nou rekòmande pou tout moun ki kalifye yo pran vaksen COVID-19. Mezi prevansyon chak jou, tankou lave men, respekte distans fizik ak mete mask ta dwe toujou pratik, menm apre w fin fè tès la. Si w se yon travayè premyè liy ki pa vaksen, elèv kolèj, oswa ou souvan nan sitiyasyon ki gen anpil risk, tès woutin se pi bon fason pou konfime estati negatif ou avèk letan.